


ANN BAY LODYANS 5

Se Bryant Freeman
("Tonton Liben") ki
pare ti liv sa a.



PM
7854
H39
A56
2000
v. 5

AYITI SE PÈP AYISYEN

Enstiti Etid Ayisyen - Invèsite Kannzas
Bon Nouvèl
Fondasyon Alfa Lwès
1997

PM
7854
.H39
A56
2000
v. 5

TIJO AK TIG LA

Tijo se yon ti gason sизan. Nan peyi l gen bÈt mechan yo rele tig. Yon jou Tijo al pwonmennen tou sÈl nan bwa. Yon ti moman, li tandé yon gwo rÈl. Se rÈl yon moun k ap soufri... Tijo al gade sa k genyen.

Tijo wÈ yon tig ki te tonbe nan yon gwo twou. Li pa t kapab sòti paske twou a fon. Kounye a tig la prizonye. Li di Tijo: "Ou se yon bon ti gason, ede m sòti, couple." Tijo reponn: "Si mwen retire ou nan twou a, ou ap manje m." Tig la di: "O non, bon ti pitit mwen, mwen p ap manje ou. Pa panse sa, non." Tijo mande li: "Èske ou ap pwomÈt mwen ou p ap manje m?" "Wi, pwomÈs fÈt," tig la di l avÈk gwo vwa li.

Tijo ede tig la sòti nan twou a. LÈ tig la fin sòti, li vole sou Tijan. "LÈzÈm mechan," tig la di li. "Si m p ap manje ou, ou ap vin mechan tankou lÈt zÈm yo, men kÈm mwen pa grangou



kounye a, m ap
tann yon ti
moman anvan
mwen manje ou.
Si ou dakò, nou
pral mande lòt
moun yo sa yo di
nan sa.”



Tijo ak tig la rive devan yon pye bannann. Tijo kanpe, li pale ak pye bannann lan: “Koute, ou menm ki konn fè bèl fig ki dous, ki bon - mwen



ede mouche tig retire tèt li nan pèlen. Men kounye a li vle manje m. Èske sa se jistis?” Pye bannann lan reponn li: “Mwen menm, mwen bay lèzòm bon fwi. Lèzòm pran yo. Apre sa, yo pran manchèt yo, yo koupe m epi yo boule m. Lèzòm se mechan. Tig la ap fè byen si I manje ou.”


Lè tig la tande sa, li kòmanse gwonde. Li vle manje Tijo. Men Tijo di I: “Tanpri souple, konpè tig, ban mwen yon ti delè. Annou mande mesye bèt volay yo yon konsèy.”

Tijo kontinye ap mache ak tig la. Prèske menm lè a, yo kontre ak yon kòk. Tijo di li: "Mouche tig te pran nan pèlen. M delivre li. Men kounye a li vle manje m. Èske sa se jistis?" Kòk la leve tèt li, li chante twa fwa: "Koukouyoukou!



koukouyoukou! koukouyoukou!" Epi li di Tijo: "Mwen menm m reveye lòm chak maten. M siveye poulaye a. Mwen rann lòm sèvis tout lavi mwen. Men lè m tonbe granmoun, li mete m nan kaswòl li epi li manje m. Lòm se mechan, li merite mouri."

Tig la gade Tijo, li niche babin li. Li kòmanse santi li grangou. "Tann mwen yon ti moman," Tijo di li. "Gade yon manman bèf la a. Annou mande li konsèy." Tijo pwoche l: "Manman bèf, ou menm ki konn reflechi, ou gen esperyans. Mwen ede tig demakònèn kò I nan pèlen. Men kounye a li vle manje m tou. Èske sa se jistis?" Manman bèf pa cho reponn, I ap reflechi. Alafendefen li di: "Lòm tire lèt mwen chak jou. Li bwè li, li wè li bon. Epi lè mwen fè yon pitit, li pran li, li touye l, epi li manje l. Lè m ap vin granmoun, I ap touye m epi l ap manje m tou. Lòm se bèt ki mechan. Si tig la pini li, li byen fèt."



Tig la vole atò sou Tijo, men ti gason an tonbe kriye. Li di: "Annou mande yon dènye konsèy ankò, se dènye a." Tig la reponn: "Dakò, men fè vit paske mwen kòmanse grangou." Tijo ak tig la rive devan yon pyebwa. Konpè makak t ap pran plezi li, li t ap vole sou branch yo. Tijo rele l: "Mouche makak, bon ti frè m, reponn mwen, souple. Konpè tig ou wè la a, te pran nan pèlen, li te tonbe nan yon twou.



Mwen sove li, men kounye a li vle manje m. Sa ou di nan sa?"
Makak la di li: "Sa ou di? Pale pi fò, m pa tandem ou." Tijo rekòmanse rakonte. Makak la di: "Mwen soud, m di ou. Pale pi fò! M pa konprann. Kisa ou rele twou a? Se yon fòs? yon pèlen? Mennen m al wè."

Tijo ak tig la kondi makak la nan bwa a. Yo rive kote twou a. Makak la mande tig la: "Ki kote ou te tonbe? Desann pou m ka wè byen." Tig la lage kò l nan twou a. Twou a te fon anpil. Tig la pa ka sòti ankò.

Alò makak la vire gade Tijo. Li di li: "Apa li mare. Ou menm, Tijo, pitit mwen, kite li nan twou a. Li byen kote l ye a. Pa ede l sòti. Si ou delivre l, ou se yon nèg sòt. Li menm, si l pa t manje ou talè a, se paske se nèg sòt li ye. Kounye a, pa kanpe la a, non."


KI KOULÈ ABIMAN AN?

Vwala se yon wa ki te gen yon ptit fi. Yon jou wa a di: “Nenpòt gason ki konnen kalite abiman ki anba wòb fi a, m ap marye l avèk li.”

Chak jou, yon pakèt gwo zotobre ap mache pou fi wa a. Men yo pa kapab di ki koulè abiman ki anba wòb fi a.

Genyen yon madanm ki gen yon ti gason ki rele Jan Sòt. Manman Jan Sòt te gen yon ti chen. Yon jou Jan Sòt pran ti chen an, epi li pati avè l.

Msyé vin ap pase bò kay wa a. Fi wa a wè Jan Sòt, li mande: “Msye, kijan ou rele?” Li reponn: “Jan Sòt.” Fi a di: “Fè m kado ti chen sa a, non.” Jan Sòt reponn: “Si ou te fè m wè abiman ki anba wòb ou a, mwen ta ba ou li.” Fi a di: “Ou mèt wè l paske ou p ap fè anyen, se enbesil ou ye.” Fi a bay msye wè, flap flap! Jan Sòt wè byen wè.



Jan Sòt di nan tèt li: “Se mwen Jan Sòt yo di ki sòt pase yo, e mwen m konnen mwen gen lespri pase menm wa a. M wè jipon li gen bouton sou kote an lò, byen bwode.”

Jan Sòt ale lakay li. Li di manman I lave rad li, paske li pral mache pou fi wa a. Manman an di: “Ou menm, ti malere ou, ou pral mache pou fi wa a? Kalite gwo zotobre ki mache kay wa a, yo pa bon. Se pa ou ki ta bon!” Jan Sòt reponn: “Manman, mwen pran pòz nèg sòt, pou m kapab manje nan chodyè nèg lespri.”

Manman an pare rad pou li, epi msye ale kay wa a. Lè msye rive, li wè tout zotobre yo la k ap di koulè pa yo. Men yo pa te konnen ki koulè abiman an. Jan Sòt di: “Wa, mwen ladann tou.” Wa a reponn: “Depi ou kapab di koulè a, ou mèt pale.” Jan Sòt di: “Se mwen, Jan Sòt, yo di ki sòt pase yo, e mwen m konnen m gen lespri pase wa a. Jipon I bwode bouton sou kote an lò.”

Lè wa a tandé sa, li di: “Marye !!” Menm lè a, fi a marye avèk Jan Sòt. Zotobre yo di: “Vakabon manje anvan grannèg. Pa janm fye vakabon lakay ou.”

Evanye Janvye, Pòtoprens



ZE BOUYI

Vwala se te 2 konpè ki rele Filip ak Pyè. Yon vye gramoun te bay yo chak yon ze. Filip ale bouyi pa I la, epi li manje l.

Pyè mete pa I la kouve. Li kale fè yon ti poul. Ti poul sa a vin gran. Li  bay konpè a anpil lòt ti poul. Msye rive vann poul pou li achte bèf. Lè Filip tande richès ze a bay konpè li a, li vin gen jalouzi. Li rele I nan leta pou msye pataje richès li avè l.

 Mezanmi, jij, avoka mete pye. Bagay la wouj nan leta. Yo fikse yon jou pou jijman. Lè jou a rive, depi byen bonè tout moun deja la nan tribinal la, sòf Pyè. Vè byen ta, yo wè mouche k ap kouri vini. Li swe kon nonk Bouki. Tout moun kanpe nan tribinal la.

Jij la rele msye, li di:
“Kouman fè tout moun la depi maten, epi ou menm se alèkile ou ap parèt?” Msye reponn: “Se pa fòt mwen, majis'tra! Depi maten m ap bouyi pwa pou m al plante denmen, si Dye vle.” Jij la di: “O, apa ou ap dekoze!



**Depi kilè pwa bouyi konn leve?” Pyè reponn:
“Enben, majistra, si pwa bouyi pa ka leve, ze bouyi
pa ka fè moun rich nonplis tou.”**

Mezanmi, tribunal la bouyi ak bwi. Moun rele anmwe, jan yo kontan wè fason nèg la genyen pwosè a.

Klodiyis Pyè, Tomasik

YON MOUN OKAP

Yon moun ki soti Pòtoprens te rive Okap. Lè I rive la, li mande yon moun Okap si se yon bon lavil Okap ye.

Moun Okap la reponn: “O wi, se sa nèt! Lè m te rive isit la, mwen pa te gen fòs pou m di yon sèl mo. M pa t gen cheve nan tèt mwen ditou. Menm lè moun te vle ede m, mwen pa t kapab mache nan lari. Tout tan ata ede yo te ede m kouche, epi menm bagay tou pou lè m t ap leve.”

Moun Pòtoprens la di: “O! o! Se yon bèl bagay sa a! Depi kilè ou isit la?”

Moun Okap la reponn: “Mwen menm? Se isit la mwen fèt.”

Chita Pa Bay


MSYE MBAOULI

Te gen yon tonton ki te nan vwayaj avèk yon gwo malèt plen lajan. Etan li t ap mache nan wout la, li jwenn yon dlo li pa kapab janbe. Li wè yon nèg ki chita bò dlo a. Li di: "Bonjou, msye. Èske ou ta kapab janbe m dlo a?" Nèg la reponn: "Pa gen pwoblèm menm!"

Tonton an mande nèg la konsa: "Pou konben ou kapab janbe m dlo a?" Nèg la reponn: "Sa ou vle ban m." Tonton an di: "Mwen pa nan Sa mwen vle ba ou. Se pou ou di m konben ou vle." Lòt la reponn: "Enben, ban m kenz goud." Tonton an di: "Dakò. Men, kijan ou rele?" Li reponn: "Mwen rele Mbaouli."

Mbaouli di: "Ban m pote malèt la pou ou, m a janbe dlo a. Apre sa, lè m fin janbe dlo a ak malèt la, m a vin pran ou. Ou mèt tann mwen la a. M ap vin chache ou."

Mbaouli pran malèt la, li janbe dlo a. Lè l fini, li kontinye wout li. Lè tonton an wè sa, li pran rele: "E, Mbaouli!" Msye reponn: "Mèsi anpil!" Tonton an rele ankò: "Mbaouli!" Msye





reponn: “Bon! Mèsi anpil! Atò ou fè tout moun konnen ou ban mwen li!”

Tonton an di: “Ala moun malonnèt! Sa montre n pou n pa mete konfyans sou moun nou pa konnen.”

Jedeyon Anis, Kiwo, Hench




AYAYAY

Se te yon timoun yo te rele Tijan. Men se te lakay yon wa li te rete. Yon jou, wa a di: "Pitit, m apral voye ou nan mache. Ou konn yon bagay yo rele ayayay?" Tijan reponn: "Wi, wa." Wa a di l: "Se pou ou ale nan mache
achte senk goud diri, senk
goud pwa, senk goud
djondjon, epi senk goud
ayayay."

Tijan rive nan mache.
Li achte senk goud diri,
senk goud pwa, senk
goud djondjon. Epi, li rive
yon kote ki gen yon pil ti
pikan. Li pran ti pikan, ti
pikan, ti pikan. Li mete nan diri a.



Lè Tijan rive lakay, yo mande I konsa: “Èske ou achte tout bagay yo?” Li di wi. “E èske ou achte ayayay la?” Tijan reponn: “Wi, men pou wè si m achte ayayay la, fò ou pase men ou nan diri a.”



Epi wa a pran diri a. Li pase men I, li pase men I. Li pike tchoup. Li rele: “Ayayay!” Epi Tijan al kot madanm lan. Madanm di konsa: “Ou achte ayayay la?” Li di wi. “Pase men ou nan diri a, ou a wè ayayay la.” L ap pase men I, l ap pase men I. Li pike tchoup. Li rele: “Ayayay!”

Se pikan yo rele ayayay la, wi. Chak bagay yo bay Tijan fè, Tijan fè I.

DE VÒLÈ

Te gen de vakabon ki te rete ri Fwonfò. Yon jou youn nan yo di: "M grangou. M pa gen anyen pou m manje. M pral touye tèt mwen." Dezyèm lan di: "Monchè, pa touye tèt ou. Gen yon nèg k apral sòti labank kounye a. N ap sezi tout lajan li gen sou li. Epi, n apral manje."



Yo t ap flannen kouwè kòk ki pran move koud zepon. Lè yo gade, yo wè nèg la k ap sòti nan pòt bank la, ap vini. Yo kenbe l. Yo pran tout lajan an, e y al degaje yo.



Lè yo rive yon kote, yo chita. Yo konte lajan. Yo deside pou yo manje anvan, epi pou yo separe l. Gen youn k al achte, lòt la ap tann.

Pandan youn ap tann la, l ap kalkile sa l apral fè lòt la. Li di nan tèt li: "Kou nèg la vini, m ap touye l, pou tout lajan kab rete pou mwen sèl." Nèg la menm k al achte a, li menm te gentan mete pwazon nan manje a.

Yo konn di: Konplo fò pase wanga. Men fwa sa a, se yon konplo doub. Kou youn parèt ak manje a, lòt la ba l yon sèl kout kouto. Li touye l. Epi, li pran yon kiyè manje. Li mouri tou.

Jòslen Jozèf, Pòtoprens


LANMIZÈ AK KONPÈ LANMÒ



Vwala yon jou papa Bondye te desann sou tè ak sen Pyè. Yo rankontre yon pòv yo rele Lanmizè. Bondye mande: "Lanmizè, kisa pou m ba ou?" Sen Pyè di li: "Mande Paradi." Lanmizè reponn: "Non, papa Bondye, pito m ta vle mande ou twa bagay. Premye a, yon kòk pou m pa janm pèdi nan gagè. Dezyèm lan, yon ti chèz pou lè m di yon moun chita, pou I pa kab leve. Twazyèm lan, yon pye zoranj pou lè m di yon moun monte manje zoranj, pou I pa kab desann." Konsa, Bondye ba I twa bagay sa yo.



Yon bon jou sa k rive, Lanmò vin chache li. Li di konpè Lanmò chita. Konpè Lanmò chita sou ti chèz la vre. Lanmizè pran kòk li anba bra I, li pati. Li bat kòk li pandan trant ane. Lè li tounen li jwenn konpè Lanmò chita byen tris ap tann li. Konpè Lanmò di I: "Vin leve m sou chèz la pou m ale, wi." Konsa konpè Lanmò ale.



Yon dezyèm fwa Lanmò vin lakay Lanmizè. Li di davans li pa p chita. Lanmizè di I: "Kòm ou dwe byen grangou. Monte pye zoranj sa a, ou a manje detwa."

Konpè Lanmò monte pye zoranj la, epi konpè Lanmizè pati ak kòk li. Lanmizè bat kòk li pandan trant ane ankò. Lè I tounen, vant Lanmò patko plen, e pye zoranj la te chaje ak zoranj toujou. Konpè Lanmò di: "Vin mete m anba pou m ale, wi." Konsa Lanmò ale ankò.



Yon dènye fwa, konpè Lanmò vin chache Lanmizè byen move. Li di: "Mwen pa p chita, mwen pa p manje zoranj." Lanmizè bare, li blije pati. Lè I rive bò Paradi a, li di sen Pyè: "Louvre pou mwen." Sen Pyè reponn: "M te di ou mande Paradi, ou pa t dakò. Ale." Konsa Lanmò kondi Lanmizè nan Lanfè, ak kòk li.

Lanmizè rive nan Lanfè. Li di: "Bon, m ap bat kòk nèt." Li tonbe nan bat kòk ak djab yo. Li toujou genyen, djab yo toujou pèdi. Li pran tout sa djab yo genyen anba pari kòk. Alafen, li redi djab yo twòp, yo pa kab sipòte I menm. Yo revòlte kont li. Yo jete I anba isit. Konsa Lanmizè retounen sou tè a, toujou ak kòk li. Jouk jodi a, li la toujou, I ap bat kòk toujou!



Anetid Fèl, Lospalis

KU BOOKSTORES \$2.00

0-8400-5113-1



9 780840 051134

50200

FREEMAN, BRYANT

ANN BAY LODYANS VOL.5

LANG

05/23/00